№ 2 (6)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL



ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 2(6)/2025**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*



**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*

**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;

**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri orınbasarı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;

**AMANULLA RIZAYEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;

**HIKMAT RAJABOV** – professor;

**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;

**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,

**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, docent;

**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;

**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;

**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;



*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**



*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Sh.Abdirov 2-jay.*

*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*



**ISSN-2181-4112**

# БАСПАСӨЗ ДИЗАЙНЫ ҮСТИНДЕ ИСЛЕЎ
## (Газетаныц арнаўлы санлары анализи мысалында)

**Пердебаева К.Р.**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Аннотация.** Бул мақалада газеталар дизайнының заманагөй жәмийетте тутқан орны ҳәм әҳмийети кең түрде сөз етиледи. Дизайн тек эстетикалық жақтан безеў емес, бәлким өндирис, коммуникация ҳәм тутыныў тараўларында бәсекиге шыдамлылықты тәмийинлейтугын шешиўши факторлардан бири сыпатында екенлиги дәлилленеди. Газета ҳәм журналлар дизайны арқалы информацияны дурыс жеткериў, оқыўшының дыққат-итибарын тартыў, басылымлардың индивидуал түр-түсин жаратыў сыяқлы ўазыйпалар әмелге асырылыўы орынлы екенлиги көрсетип бериледи.

**Таяныш сөзлер.** Газета, дизайн, баспасөз, журнал, макет, материал

**Аннотация:** В данной статье подробно обсуждается роль и значение дизайна газет в современном обществе. Доказано, что дизайн является не только эстетическим украшением, но и одним из решающих факторов, обеспечивающих долговечность в сферах производства, коммуникации и потребления. Показано, что через дизайн газет и журналов целесообразно выполнять такие задачи, как правильная передача информации, привлечение внимания читателя, создание индивидуального вида изданий.

**Ключевые слова:** Газета, дизайн, пресса, журнал, верстка, материал.

**Abstract:** This article explores in detail the role and significance of newspaper design in modern society. It demonstrates that design is not only an aesthetic adornment but also a crucial factor in ensuring longevity in production, communication, and consumption. It has been shown that newspaper and magazine design can effectively accomplish tasks such as conveying information correctly, attracting reader attention, and creating a distinctive appearance for publications.

**Keywords:** Newspaper, design, press, magazine, layout, content.

**Кирисиў.** Дүнья медиа мәканында соңгы жылларда жүз берип атырган санлы трансформация ҳәм глобал информация агымы өсиўи шәраятында галаба хабар қураллары жумысында мазмуны менен бир қатарда оның формасы, ягный визуал көриниси де барган сайын үлкен әҳмийетке ийе болып бармақта. Жәмийет информацияны көбирек көриў, сезиў, тез таллаў ҳәм таңлап қабыллаў кеңислигинде ҳәрекет етип атыр. Сонлықтан, баспа галаба хабар қураллары, атап айтқанда, күнделикли газеталардың заманагөй,

таңлаўына сәйкес, функционал ҳәм тәсирли дизайнга ийе болыўы олардың жасап қалыўын ҳәм бәсекиге шыдамлылыгын тәмийинлеўде шешиўши факторлардан бирине айналып атыр.

**Тийкарғы бөлим.** Журналистикада дизайн мәселесине әсиресе соңгы ўақытлары айырықша итибар қаратылып келинбекте. Баспасөз журналистлери медиа майданында өз орнын ийелеп қалыў ушын дизайнга өнер сыпатында қарайды. Жоқары сапалы газета шыгарыў ушын олар техника ҳәм технологияның жетискенликлеринен илажы болганынша нәтийжели пайдаланыўга умтылады. Себеби, дизайн тек гана аудиторияның дыққатын өзине тартыў усылы емес, бәлки информацияны жеткерип бериў процесин жеңиллестириўши ҳәм арнаўлы бир социаллық мәни жүклейтуғын усыл ретинде де көринеди.

Басылымлар дизайнын илимий көзқарастан изертлеп үйренгенимизде баспасөзде юбилей, байрам санлары ҳәм арнаўлы санлардың дизайнының тутқан орны да айырықша екенлигин көрдик. Өз-өзинен белгили, республикада, ўәлаят, қалаларда ҳәр түрли байрамлар болып турады. Усы аймақларға тийкар салынғаннан баслап, ҳәр түрли нәтийже болады. Мәселен, ғәрезсизлик байрамы, жаңа жыл байрамы, халықаралық ҳаял-қызлар күни ҳәм басқа халқы аралық байрамлар. Бундай жағдайларда газеталар айрықша дизайн менен шығады. Бул басылымлар ҳәр түрли темаларды ашып бериўи мүмкин. Байрамның келип шығыўы, оның тарийхы, белгили ўақыялар, миллий қаҳарманлар, бүгинги баянатлар ҳәм т.б. Ҳәр бир материал оның мазмунына қарап, ҳәр түрли форма ҳәм көринистеги бас темалар, иллюстрациялар, сүўретлер ҳәм реңлер менен безетилиўи мүмкин. Бул жерде де дизайнның тийкарғы ўазыйпасы материалға сәйкес тәризде көзге тасланыўы материал мазмунын оқыўға жәрдем бериўи ҳәм оны аудиторияға түсиниклирек етип жеткерилиўи.

Әдетте, байрам санлары еки типте шығарылады. Тираждың кишкенерек бөлими ақ шырайлы қағазда басып шығарылады. Бул ҳәкимшилик, байрам мийманлары, китапханалар, минстрликлер, комитетлер, өндирис шөлкемлери ушын арналған нусқа. Газета 1-2 күн алдын, яки сол күни азанда тапсырылады. Бундай газеталар байрам кейпиятын пайда етиўде ҳәм байрамды жоқары руўхта өткерилиўине жәрдем беретуғыны тәбиийй. Бундай материалда, әдетте, шөлкемлескен ямаса басқа унамсыз мазмундағы материаллар басып шығарылмайды. Газетаның тийкарғы нусқасы болса усы мазмун ҳәм дизайнде шығып, әпиўайы қағазда басылады. Себеби, ақ, қалың қағаз қымбат турады. Байрам газеталары басқа мәмлекетлер, елшиханалар

ямаса шет еллик ўәкилханаларына да байрамға мирәтнама менен жиберилиўи мүмкин. Газетаның тийкарғы тиражы болса усы мазмун ҳәм дизайнде әпиўайы қағазда басылыўы мүмкин. Себеби, ақ, қалың қағаз қымбат турады. Байрам газеталары басқа мәмлекетлер, елшиханалар ямаса шет еллик ўәкилханаларға да байрамға мирәтнама менен жиберилиўи мүмкин. Бир жылда неше мәрте байрам санлар басып шығарылыўы редакцияның дөретиўшилик имканиятлары ҳәм материаллық жағдайына байланыслы. Орта есапта бир редакцияда бир жылда 3-4 байрам санлары шығыўы мүмкин.

(Талқыланған газеталар ишинен 5 -6 байрам санын алып, оның дизайнине баҳа бериў, қағаздың сапасы, бас темалардың түрлери, иллюстрациялар саны, шрифтлердиң көринислери ҳ. б.)

Юбилей санлары. Юбилай санлары төмендегилер менен байланыслы болады. Мәселен, мәмлекетлерге тийкар салыныўы, республиканың ғәрезсизлиги, қайсыдур қаланың юбилейи, тарийхый естеликлерге тийкар салыныўы, үлкен қурылыслардың иске түсирилиўи (мәселен, Тақыятас Гидроузели, Қоңырат сода заводының иске түсирилиўи). Екинши көриниси, белгили адамлардың юбилейлери: Тумарис, Ерназар Алакөз, Бердақ, Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты, Қарақалпақ мәмлекетлик университети, басқа жоқары оқыў орынлары, Қарақалпақстанда басқа институтқа тийкар салыныўы, мийнет қаҳарманлары, урыс қатнасыўшылары, ҳәр түрли қаланың белгили ўәкиллери, шыпакерлер, этнографлар, тарийхшылар, биологлар, физиклер, математиклер ҳәм басқалар. Бундай юбилейлер менен байланыслы газеталар санлары ямаса арнаўлы бетлер басып шығарылыўы мүмкин. Әлбетте, бундай ўақытта бул санның ямаса беттиң өзине тән дизайни болады. Бул дизайн байрам санларының дизайнине уқсайды.

Байрам, юбилей ҳәм арнаўлы номерлер. Бундай газеталардың басып шығарылыўы дәслепки дәўирлерде кең таркалған дәстүр еди. Ақырғы ўақытлары бундай типтеги газеталар азайған болса да бәри бир басып шығарылмақта. Бундай газеталардың дизайнинде байрамға тән кейпият, екинши рең бериў, ҳәр түрли гүллер, сүўретлердиң берилиўи, үлкен бас темалардың көзге тасланыўы тәбийий жағдай. Мәселен, ҳәр жылы 27-июньде “Еркин Қарақалпақстан” газетасы “27-июнь – Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери күни” деген сүрен астында шығады. Әдетте, медиа тараўындағы басшының үлкен мақаласы басып шығарылады. Мәселен, көп жыллар даўамында “Еркин Қарақалпақстан” – “Вести Каракалпакстана” газетасы бас редакторы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси

депутаты Кеңесбай Реймовтың мақаласы берилетуғын еди. Әдетте, бул мақала Өзбекстан Республикасы Президентиниң сөзи менен басланады.

Соның менен бирге, “1-октябрь Муғаллимлер ҳәм устазлар күни” бул күн де “Еркин Қарақалпақстан” газетасы байрам руўхы ҳәм вёрстка менен шығады. Мәселен, 2021-жылы 5-октябрь санында Өзбекстан муғаллимлери ҳәм устазларына жиберген  Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң байрам қутлықлаўы берилген. Бул сан да үш реңде басып шығарылағн. Газетада устазларға арналған бир қатар материаллар бар. Мәселен, Қарақалпақ мәмлекетлик университети студенти С.Шаддинованың еки рет Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы, 2003-жылы “Шухрат” медалы, 2007-жылы “Меҳнат шухрати” ордени менен сыйлықланған Қуўанышбай Орынбаевқа арналған.

Устазларды еске алыў да шәкиртлер ушын әҳмийетли. Соның ишинде, ҚМУ Өзнек тили филологиясы факултетиниң қазақ тили тәлим бағдарының 3-курс студенти Балнура Орынбаеваның “Шын ҳасылды тат баспайды” атамасындағы мақаласы марҳум филология илиминиң кандидаты, доцент Қайржан Аралбаевтиң 75 жыллығына арналады.

Соның менен бирге, Базарбай Атамуратованың “Устазға” деген қосығы да басып шығарылған. Бул қосықта:

Бизди перзентиңдей көргениң ушын,  
Дүньялық илимди бергениң ушын,  
Тилегимди тилеп жүргениң ушын,  
Өмир бойы миннетдармыз, Устазым! –

деген сөзлери менен тамамланады. Номердеги материаллардың шрифтли, бас темалы ҳәм сүўретли дизайни нормада.

Басқа қутлы күнлерде де газетаның байрам санлары шығып турады. Мәселен, 2021-жылы 30-декабрь күни “Еркин Қарақалпақстан” газетасы “Жаңа жылыңыз қутлы болсын, әзиз дослар” сүрени менен шықты. Газетада жаңа жыл санына арналған материаллар аз. Мәселен, Г.Сапарованың “Халқымыз дәстурқаны толы болсын” ҳәм М. Нызановтың “Жаңа жыл” қосықлары. Газетаның екинши реңи де жоқ. Улыўма алғанда, бул номер байрам санына уқсамайды.

2022-жылы 19-март күни газета “Наўрыз байрамыңыз қутлы болсын” деген шапка тема менен шықты. Бул шапка газета атының үстинен бериледи. Газета гүллер менен безетилген “Наўрыз-2022” жазыўы байрам орнаменти менне безетилген материаллар (мәселен, Гүлистан Сапарованың “Гөззал

бәҳәрим уллы әйямы”), қарлығашлардың сүўретлери номер бойынша ҳәр түрли бетлерде жайластырылған.

Қарақалпақстан хабар агентлигиниң шолыўшысы Д.Абибуллаевтиң жазыўынша, республикада 1 миллион терек акц累ясы ҳаққында мағлыўмат бар. Бул информация тема бойынша сүўрет пенен берилген.

“Халқ сўзи” газетасы 2023-жылы 18-март күни “Наврузинг муборак бўлсин, жонажон Ўзбекистоним” атлы үлкен материалы шықты. Бул материалдың дизайнинде де гүллер, аспан, байрам липасындағы қызлардың сүўретлери менен безетилген 3-бетте даўам еттирилген. Оннан тысқары редакция атынан “Тәбияттың бийбаҳа байлығы” суўды үнемлеў зәрүрлиги ҳаққында газетада дәстүрлик болмаған иллюстрациялар да бар. Бул «Қишлоқ қурилиш» банкиниң Наўрыз бенен халықты қутлықлаўы. Мәселен, 2016-жылы 13-июнь күни шыққан газета “Қарақалпақстан жаслары” газетасы байрам санларын басқа республикалық газеталарға қарағанда көбирек береди. “27-июнь – Баспасөз ҳәм ғалаба хабар хызметкерлери күни” шапкасы менен шықты. Бул газета аты үстиндеги шапканың астында болса “Гөззал ҳәм бийтәкирарымсаң, муқаддес Ўатаным, жаным саған пидә, Өзбекстаным” деген сүрени бар. Газета материалының тийкарғы бөлими журналистлер ҳаққында. Соның ишинде, Гүлистан Аннақличеваның, Алланазар Абдиевтиң мақалалары басып шығарылған.

**Жуўмақлаў.** Жуўмақлап айтқанда, газеталар дизайнының заманагөй жәмийетте тутқан орны ҳәм әҳмийети кең қамтып алынды. Дизайн тек эстетикалық жақтан безеў емес, бәлким өндирис, коммуникация ҳәм тутыныў тараўларында бәсекиге шыдамлылықты тәмийинлейтуғын шешиўши факторлардан бири сыпатында алып қаралды. Газета ҳәм журналлар дизайны арқалы информацияны дурыс жеткериў, оқыўшының дыққат-итибарын тартыў, басылымлардың индивидуал түр-түсин жаратыў сыяқлы ўазыйпалар әмелге асырылыўын орынлы деп есаплаймыз. Солай екен, дизайн заманагөй информация мәканында тек ғана безеў емес, соның менен бирге стратегиялық ҳәм функционал шешим ретинде қаралыўы керек.

### Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Atajanov X.A., Marziyaev J.K. Mediada dizayn hám vizualizaciya (Дизайн и визуализация в медиа) // oqıw qollanba. –Nokis. ILIM NUR. 2024. – B. 96

2. Марзияев Ж.К. и др. Этапы развития каракалпакского телевидения. Материалы Международной научно-практической конференции «Наука и

образование в современном мире: вызовы XXI века». Секция 9. Филологические науки. Нур-Султан. Казахстан. 2019.

3. Марзияев Ж.К. Роль и место публицистических жанров в современной каракалпакской печати. Вестник Челябинского государственного университета. – Челябинск. № 6 (260) 2012. – Стр. 88-92.

4. Камалова Д.Э. Жанровые особенности новеллы в прессе. [Genre features of the novel in print] // Материалы республиканское научно-практической конференции. – Нукус. Наука. 2019.

5. Камалова Д.Э. Вопросы художественного мастерства в каракалпакских новеллах // International Journal of Central Asian studies (ISSN: 1226-4490). The International Association of Central Asian Studies. Korea University of International studies. Volume: 23. 2019. – С. 93-111.

## MAZMUNÍ


*MUZÍKATANÍW*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Султанова Е.** ФОРТЕПИАННОЕ ТРИО ФРАНСИСА ПУЛЕНКА В КОНТЕКСТЕ ФРАНЦУЗСКОЙ КЛАССИЧЕСКОЙ МУЗЫКИ XX ВЕКА | 3 |
| 2 | **Миркасымова Э.З.** ИСПОЛНИТЕЛЬСКАЯ ИНТЕРПРЕТАЦИЯ КАК ВАЖНЕЙШИЙ ЭТАП ДЕЯТЕЛЬНОСТИ МУЗЫКАНТА | 9 |
| 3 | **Мирсолихова Х.М.** МУСИҚИЙ АСАР УСТИДА ИШЛАШ ЖАРАЁНИ ҲАҚИДА | 16 |
| 4 | **Тожибоев С.** ИСЛОМ ДИНИ БИЛАН БОҒЛИҚ МАРОСИМ ВА БАЙРАМЛАРДАҒИ МУСИҚИЙ АНЪАНАЛАР | 21 |
| 5 | **Abatbaeva R.A.** KOMPOZITORLAR IJODIDA BALLADA JANRINING SHAKLLANISHI VA BUGUNGI KUNDAGI AHAMIYATI | 34 |

*KÓRKEM ÓNER*

| | | |
|---|---|---|
| 6 | **Allanbaev R.O.** “SUYMAGANGA SUYKALMA” MUSIQALI DRAMASINING O‘ZIGA XOS XUSUSIYATLARI | 41 |
| 7 | **Абрарова М.** ЎЗБЕКИСТОН ВА ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН АЁЛ КОМПОЗИТОРЛАРИНИНГ ТАФАККУРИ МОҲИЯТИ | 52 |
| 8 | **Aytmuratov B.K.** AKTYOR INDIVIDUALLIGINI SHAKLLANTIRISHDA ROL YARATISH USLUBIYATINING NAZARIY VA AMALIY ASOSLARI | 59 |
| 9 | **Azimov K.** DIRIJYORLIK TEXNIKASINING NAZARIY MASALALARI | 68 |
| 10 | **Eminov N.** “ALPOMISH” MUSIQALI DRAMASIGA AYRIM CHIZGILAR | 73 |
| 11 | **Gulmanov I.** DÁSTÚRIY HÁM ZAMANAGÓY MUZÍKADA DÁP ÁSBABÍNÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 80 |
| 12 | **Jaqsımuratova B.** VOKAL ATQARIWSHÍLÍGÍNÍŃ TARIYXIY EVOLYUCIYASÍ | 86 |
| 13 | **Karimova N.** FESTIVAL TUSHUNCHASI VA ULARNIG ILMIY-NAZARIY ASOSLARI | 92 |
| 14 | **Kazakbayeva M.** ARIYALAR USTIDA ISHLASH JARAYONIDA JO‘RNAVOZNING AHAMIYATI | 98 |
| 15 | **Kutekeeva R.** QORAQALPOG‘ISTON OPERA SAN’ATIDA MILLIY OBRAZLAR TALQINI | 104 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Matjanova M.** ATQARÍWSHÍLÍQ MÁDENIYATÍNDA KONCERTMEYSTERDÍŃ TIYKARǴÍ WAZÍYPALARÍ | 110 |
| 17 | **Sharipov N.** ZAMONAVIY FANDA AYOL OLIMALARNING O‘RNI | 117 |
| 18 | **Osman Kopadze.** THE SOFT POWER IMPACT OF TURKISH TELEVISION SERIES ON UZBEK SOCIETY | 122 |
| 19 | **Paxratdinova L.** SKRIPKANING KELIB CHIQISHI VA IJROCHILIK AN’ANALARI | 130 |
| 20 | **Shukurov A.** TEATR SAN’ATINI RIVOJLANTIRISHDA TARIXIY VA ZAMONAVIY YONDASHUV | 136 |
| 21 | **Tursunov E.** AN’ANAVIY YO‘NALISHDAGI XONANDALIK ASARLARI BOSHQA MILLAT VAKILLARI IJROCHILIGIDA | 147 |
| 22 | **Измаилов А.М.** ФОРМИРОВАНИЕ ОРКЕСТРОВОЙ ФУНКЦИИ ЗВУКОВЫСОТНЫХ УДАРНЫХ ИНСТРУМЕНТОВ В XVI–XVII ВЕКАХ | 153 |
| 23 | **Давыдова Т.** СТИЛЕВЫЕ ОСОБЕННОСТИ СИМФОНИЧЕСКИХ ОПУСОВ ТУЛКУНА КУРБАНОВА | 165 |
| 24 | **Миркасымова Э.З.** ХУДОЖЕСТВЕННЫЕ И СТИЛЕВЫЕ ПРИНЦИПЫ ФОРТЕПИАННЫХ ЦИКЛОВ Д.САЙДАМИНОВОЙ. | 170 |
| 25 | **Charshemov J.A.** QARAQALPAQ KOMPOZITORLARININ XOR USHIN JAZILǴAN SHIǴARMALARI | 177 |


***MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ***


| | | |
|---|---|---|
| 26 | **Djumaniyazov U.M.** XALQ MUSIQA IJODIYOTINI O‘RGANISHGA PEDAGOGIK YONDASHUV | 187 |
| 27 | **Yusupaliyeva D.** YOSHLARNING MA’NAVIY TARBIYASINI TAKOMILLASHTIRISHDA MADANIYAT VA SAN’ATNING O‘RNI VA AHAMIYATI | 196 |
| 28 | **Muratbaev A.** ORFF METODÍ TÍYKARÍNDA MUZIKA SABAQLARÍNDA SAZ ÁSBAPLARDAN PAYDALANÍW | 204 |
| 29 | **Мелькумова Э.И.** ФИЛОСОФСКО-МЕТОДОЛОГИЧЕСКИЕ ОСНОВАНИЯ НАУЧНОГО ПОЗНАНИЯ: СТРУКТУРА, ЛОГИКА И ТРАНСФОРМАЦИЯ В КОНТЕКСТЕ СОВРЕМЕННОСТИ | 210 |
| 30 | **Абдуллаева А.** РАБОТА НАД ФОРТЕПИАННЫМИ ПЬЕСАМИ Р. ГЛИЭРА В КЛАССЕ ОБЩЕГО ФОРТЕПИАНО | 217 |

| | | |
|---|---|---|
| 31 | **Saidumarov I.** ESTRADA XONANDALIGI SAN'ATI HAMDA VOKALDAN DARS BERISHDA INNOVATSION TEXNOLOGIYALARINING O'RNI VA AHAMIYATI | 223 |

***JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER***

| | | |
|---|---|---|
| 32 | **Бердиниязова Н.К.** МЕҲНАТ ЖАМОАСИДА КАСАБА УЮШМАСИНИНГ ЎРНИ ВА АҲАМИЯТИ | 228 |
| 33 | **Пердебаева К.Р.** БАСПАСӨЗ ДИЗАЙНЫ ҮСТИНДЕ ИСЛЕЎ (Газетаның арнаўлы санлары анализи мысалында) | 234 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq journal*



